दिन—शुक्रवार दिनांक—20.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी शिल्पकार सभ सँ जनौलनि अछि जे ओसभ विश्वकर्मा योजनाक लाभ लऽकऽ उद्यमी आओर व्यापारी बनैथ। श्री मोदी आइ महाराष्ट्रक वर्धा मे पीएम विश्वकर्मा योजनाक एक वर्ष पूरा भेलाक मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित कऽ रहल छलाह। प्रधानमंत्री जनौलनि जे ई योजना मे पछिला एक बरख मे लाभार्थी सभ के एक हजार चारि सय करोड़ टकाक ऋणक भोगतान कयल गेल अछि। श्री मोदी ई योजना मे एक लाख सँ बेसी लाभार्थी सभ के डिजिटल पहिचान—पत्र आओर डिजिटल कौशल प्रमाण—पत्र सेहो जारी कयलनि। एम्हर, पटना जिलाक उपेन्द्र महारथी शिल्प—संस्थान मे पीएम विश्वकर्मा योजनाक पहिल वर्षगांठक आयोजन कयल गेल। एहि मौका पर पूर्व केन्द्रीय मंत्री आओर पटना साहिबक सांसद रविशंकर प्रसाद योजनाक लाभार्थी सभ के प्रमाण—पत्र देलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वर्धा मे वीडियो कॉफ्रेंशक माध्यम सँ कारीगर आओर शिल्पकार सभ के संबोधित कयलनि।

---

केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो— सीबीआई छओ आरोपी सभक विरूद्ध पटनाक सीबीआई अदालत मे नीट— यूजी दू हजार चौबीस परीक्षाक प्रश्न—पत्र लीक मामिला मे दोसर आरोप—पत्र दायर कयलक अछि। सीबीआई भारतीय दण्ड संहिताक कतेको धारा मे ई आरोप—पत्र दाखिल कयलक अछि। सीबीआई आरोपी बलदेव कुमार उर्फ चींटु, सन्नी कुमार, डॉक्टर अहसानुल हक, मोहम्मद इम्तियाज आलम आओर हजारीबागक एक स्थानीय पत्रकार जमालुद्दीन आओर अमन कुमार सिंहक विरूद्ध दोसर आरोप—पत्र दाखिल कयलक अछि। ब्यूरो हजारीबागक ओएसिस विद्यालयक प्रचार्य डॉक्टर अहसानुल हक आओर उप प्रचार्य मोहम्मद इम्तियाज आलमक विरूद्ध भ्रष्टाचार निवारण अधिनियम उनैस सय अट्ठासीक कतेको धारा मे ठोस आरोप लगौलक अछि। डॉक्टर अहसानुल हक समन्वयक रूप मे काज करैत छलाह। ओतहि, परीक्षाक संचालन लेल मोहम्मद इम्तियाज आलम, केन्द्राधीक्षक रूप मे छलाह। एहि सँ पहिने सीबीआई एहि वर्ष पहिल अगस्त कऽ तेरह आरोपी सभक विरूद्ध आरोप—पत्र दाखिल कयने छल। अखन धरि नीट पेपर लीक मामिला मे अड़तालीस लोक सभ के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा जनौलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अगिला मास दरभंगा मे एम्सक शिलान्यास करताह। श्री नड्डा आइ नव दिल्ली मे मोदी सरकारक तेसर कार्यकालक सय दिन पूरा भेला पर अपन मंत्रालयक उपलब्धिक चर्चा मीडियाकर्मी सभ सँ कऽ रहल छलाह।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ गंगा नदिक बढ़ैत जलस्तरक कारण बाढ़ि प्रभावित जिलाक हवाई सर्वेक्षण कयलनि। मुख्यमंत्री अधिकारी सभ सँ बाढ़ि सँ तबाह क्षेत्र मे राहत आओर बचाव काज सुनिश्चित करबाक लेल जनौलनि अछि। राज्य मे गंगा आओर आनो–आन नदिक जलस्तर बढ़ला सँ दस सँ बेसी जिला मे बाढ़ि सँ तबाही अछि। एहि मे– पटना, बक्सर, बेगूसराय, सारण, सीवान, वैशाली, समस्तीपुर, खगड़िया, मुंगेर, भागलपुर, नालंदा आओर गया जिला मे बेसी तबाही अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे दू सय सँ बेसी विद्यालय के बंद कऽ देल गेल अछि। एहि क्षेत्र मे बाढ़िक कारण पैघ संख्या मे लोकसभ विस्थापित भेलाह अछि। सारण मे गंगा आओर घाघरा नदिक जलस्तर बढ़ला सँ उत्तर प्रदेशक सीमा सँ लागल एनएच–एकतीस टुटि–फुटि गेल अछि। ओतहि, नालंदा जिलाक पांच प्रखंड मे बाढ़ि सँ करीब सात सय बीघा खेत मे लागल फसिल नष्ट भऽ गेल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सहरसाक दिवारीक मां विषहरी–मंदिरक उद्घाटन कयलनि। एहि मौका पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो छलाह। एहि बीच, मुख्यमंत्री अमरपुर पोखरि सेहो देखलनि आओर कतेको योजनाक उद्घाटन आओर शिलान्यास कयलनि।

———————————————————————

नवादा जिलाक मुफस्सिल थानाक देदौर गाम मे महादलित परिवारक एकैस घर मे आगि लगेबाक घटनाक मामिला मे अखन धरि पंद्रह आरोपी सभ के गिरफ्तार कयल गेल अछि। ओतहि, ई मामिला मे लापरवाही बर्तवाक आरोप मे मुफस्सिल थानाध्यक्ष नीलेश कुमार के लाईन हाजिर कऽ देल गेल अछि। जिलाधिकारी आशुतोष कुमार वर्मा जनौलनि जे मुख्यमंत्रीक जनतब पर पीड़ित परिवार सभक बीच एक लाख पांच हजार टकाक सहायता राशि बांटल गेल अछि।

———————————————————————————

पूर्णियांक चर्चित गोपाल यादुकाक हत्या मामिला मे पुलिस रूपौलीक पूर्व विधायक आओर राजद नेता बीमा भारतीक घर पर आइ कुर्की जब्ती कयल गेल। ध्यातव्य अछि जे बीमा भारतीक पति अवधेश मंडल आओर बेटा राजा पर गोपाल यादुकाक हत्याक आरोप अछि। अवधेश मंडल पछिला पांच अगस्त कऽ कोर्ट मे आत्मसमर्पन कऽ देने छलाह। जखनकि, हुनक पुत्र राजा अखन फरार छथि। पूर्णियांक पुलिस अधीक्षक कार्तिकेय शर्मा जनौलनि जे कोर्टक आदेशक बाद कुर्की जब्ती कयल गेल अछि।

———————————————————————————

मधुबनी नगर थाना पुलिस मधुबनी नगर स्टेशन चौकक फल व्यावसायी के अपहरण कऽ गाड़ी सँ भागल जा रहल पांच अपहरणकर्ता के गिरफ्तार कयलक अछि। दोसर दिस, मधुबनी जिलाक खुटौना पुलिस थानाक जयनगर रोड़ सँ एक स्कार्पियो गाड़ी सँ सत्तरि कार्टन नेपाली देशी शराबक एकैस सय बोतल जब्त कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त